*Қарақалпақстан Республикасы*
*Мәлимлеме-китапхана орайы*

# «Инвестициялық жеделлестириў- раўажланыў тийкары»

**2019-жыл «Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»на бағышланған методикалық қолланба**

**НӨКИС-2019 ЖЫЛ**

# К И Р И С И Ў

Өзбекстан Республикасы Президенти Шавкат Мирзиеёв 2018-жыл 28 декабрь күни Олий Мажилиске Мүрәжатын жоллады. Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын түп-тийкарынан жаңалаўға қаратылған бул баянат тийкарында усы жыл ушын пуқта әмелий режелер дүзилди, халқымызға мүнәсип турмыс тәризин жаратыў жолында ийгиликли басламалар белгиленди. Мүрәжатта социаллық-экономикалық турмысымыздың басқа тараўларында да әҳмийетли қәдемлер тасланғаны атап өтилди. Ашық-айдын экономика, саламат бәсеки, исбилерменлик ҳәм инвестиция орталығын түп-тийкарынан жақсылаў, экономикада мәмлекеттиң қатнасын азайтыў, адамлардың турмыс шараятын жақсылаў бойынша анық илажлар белигилеп берилди. Президент Шавкат Мирзиёевтиң усынысы бойынша, усы жылдағы жумысларды логикалық даўам еттириў ҳәм жоқары басқышға көтериў мақсетинде **2019-жыл мәмлекетимизде «Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»** деп жәрияланды.
Усы мүнәсибет пенен илимий-методикалық бөлимде **«Инвестициялық жеделлестириў- раўажланыў тийкары»** атамасында методикалық қолланба ислеп шығылды.

Қолланбаның биринши бөлими **«Раўажланыў жолымыздың жеделлиги арта береди»** деп аталып, бул бөлимде 2019-жыл мәмлекетимизде **«Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»**ның әҳмийети, ўазыйпалары сөз етиледи.

Екинши бөлимде **2019-жыл «Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы»на** бағышланған сәўбетлесиў кешелери, китап көргизбелер ҳәм соңында әдебиятлар дизими бериледи

## «Раўажланыў жолымыздың жеделлиги арта береди»

2019-жылда мәмлекетимизди раўажландырыўдың ең әҳмийетли тийкарғы ўазыйпалары ҳаққындағы Өзбекстан Республикасы Президентиниң Парламентке Мүрәжатын баян етти. Бүгин биз тез пәт пенен өзгерип баратырған заманда жасап атырмыз. Дүнья көлеминде мәплер гүреси, бәсекилик барған сайын ҳәўиж алып, халықаралық жағдай кескинлесип бармақта. Биз келеси жыл ушын әмелий режелер дүзер екенбиз, халықаралық майдандағы мине усындай қурамалы жағдайды есапқа алған ҳалда, раўажланыўымыздың тийкарғы бағдарларына ашық-айдын белигилеп алыўымыз зәрүр. Биз ҳәр бир жылға жақсы нийет пенен атама беремиз ҳәм өз алдымызға үлкен шеклерди қоямыз.

Уллы Имам Бухарий ҳәзиретлериниң «Ал-Жомиъ ас Сахих» китабы «Барлық жақсы әмеллер нийетке байланыслы, ҳәр бир адамға тек нийет еткен нәрсеси бериледи» деген ҳәдис пенен басланыўда әлбетте жүдә терең мәни бар.

Келеси жылда исбилерменлик, бизнес ушын және де қолайлы орталық жаратыў, жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў, халықтың дәраматларын көбейтиў, пенсия тәмийнатын жақсылаў бойынша да көп жумыслар ислеўимиз лазым.

Усылардың барлығын есапқа алып, 2018-жыл баслаған жумысларымызды логикалық даўам еттириў ҳәм жоқары басқышқа көтериў мақсетинде, мен кирип киятырған жаңа 2019-жылға «**Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы**» деп атама берилди.

Жылға бундай атама бергенимиз бәршемизге жүдә үлкен ўазыйпалар ҳәм жуўапкерщилик жүклейди. Инвестицияларды қалай етип көбейтемиз, социаллық машқалаларды қәйтип шешемиз, деген сораўлар алдымызда көлденең болып тур. Жасларды исбилерменликке кеңнен тартыў олардың бәнтлигин тәмийинлеў мақсетинде «Жаслар-келешегимиз» қорының жумысын және де кеңейтиў. Бүгинги күнде жасларымыздың билим ҳәм мағлыўмат алыўының тийкарғы дәреги Интернет екени ҳеш кимге сыр емес. Сол себепли, исбилерменликди қоллап-қуўатлаған ҳалда жәмийетлик орынларда бийпул «вай-фай» аймақларын шөлкемлестириў иләжларын көриўимиз керек.

2019 жыл «**Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы**»нда социаллық тараўды және де раўажландырыў ушын төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырыў зәрүр.

Биринщиден, халықтың арасында жумыссызлықты азайтыў, адамлар ҳәм шаңарақлардың дәраматларын арттырыў.

Екинщиден, пенсия ҳәм напақаларды тайынлаў және төлеў тәртибин қайта көрип шығыў, пенсия системасын түптийкарынан реформалаў.

Үшинщиден, илим, заманагөй ҳәм үзликсиз билимлендириў системасын жәнеде жетилистириў зәрүрлиги.

Төртиншиден, халқымыздың генофондын беккемлеў мақсетинде медициналық хызметлердиң сапасын жақсылаў ҳәм көлемин кеңейтиў.

Бесиншиден, ҳаял-қызлар ҳәм жасларды мәмлекет тәрепинен социаллық қоллап-қуўатлаўды және де күшейтиў,

Алтыншыдан, халықтың турмыс шараятын жақсылаў, оны мүнәсип турақ жай менен тәмийинлеў, халқымыздың абаданлығын арттырыў бәрқулла дыққат-итибарымызда болады.

Жетиншиден, жәмийетдесаламат турмыс тәризин қәлиплестириў, денетәрбия ҳәм спортты буннан былай да ғалаба ен жайдырыў және бир әҳмийетли ўазыйпа болып табылады. Спортты жедел раўажландырыў, халықаралық жарысларда жоқары нәтийжелерге ерискен спортшыларды хошаметлеў ҳәм қоллап-қуўатлаўға буннан кейин де айрықша әҳмийет беремиз. Жас әўладымыз арасында спортты ғалаба ен жайдырыў мақсетинде ең алыс районларда да балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектеплерин шөлкемлестиремиз.

Сегизиншиден, туризмди раўажландырыў, тараўға инвестицияларды тартыў, кадрлар потенциалын арттырыў бойынша комплексли илажлар көриўимиз кереклиги,

Тоғызыншыдан, алдымызға қойған үлкен ўазыйпаларды әмелге асырыўда биз ушын күш-қүдирет дереги болатуғын миллий идеяны раўажландырыў кереклиги бойынша комплексли илажлар ислеп шығыўлары ҳаққында айтып өтилди.

Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң Аралбойы регионы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарда «Траст фонды»ның дүзилиўи өзбек дипломатиясының үлкен жетискенлиги болды.

Арал тенизиниң суўсыз қалған аймағында жасыл тоғайлар жаратыўға айрықша итибар бермектемиз. Бул мәселеде қабыл етилип атырған арнаўлы бағдарламаға бола, Арал теңизиниң суўсыз аймағында келеси жылы және 500 мың гектар тоғай жаратылыўын, халықтың турмыс жағдайын жақсылаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы қала ҳәм аўылларында жаңа қурылыслар әмелге

асырылады. атап айтқанда, Мойнақ районында барлық зәрүр инфраструктураларға ийе болған заманагөй қалаша жаратылыўын атап өтти.

2019-жыл ушын белгилеп алған реже ҳәм бағдарламаларымызды әмелге асырыў, әлбетте аңсат болмайды. Бул жолда бизге исеним ҳәм илҳәм, ғайрат ҳәм күш жигер беретуғын шексиз бир қүдирет бар, биз оған сүйенип, өз мақсетлеримизге әлбетте ерисемиз.

Бул- турмыс сынақларында шыныққан, сөзинде исенимли туратуғын, истиң көзин билетуғын мийнеткеш, мәрт сабырлы халқымыз болып табылады.

Нийети уллы халыктың –иси де уллы, өмири жарқын ҳәм келешеги абадан болады.

Президентимиздиң усы мүрәжетинде мәмлекетимиз раўажланыўы жолындағы жедел реформаларға жәнеде жаңа мазмун, мәмлекетимиздиң экономикалық раўажланыўы, социал тараўдағы раўажланыў, халықтың турмыс дәрежесин ҳәм тынышлығын раўажландырыўға тийкар болады.

2019 жыл «**Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы**»на бағышланган сәўбетлесиў кешесиниң ҳәм кешеге бағышланған китап көргизбесиниң методикалық жол-жобасы

«**Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы**»на бағышланып, мәлимлеме китапхана мәкемелеринде өткерилетуғын сәўбетлесиў кешесин шөлкемлестириўди усыныс етемиз. Кешени өткериўдеги мақсетимиз, 2018-жыл 28-декабрь күнги Олий Мажлиске, яғный бир сөз бенен айтқанда, кирип киятырған жылдың бас ҳүжжети болған Мүрәжатында баян етилген ҳәр бир әҳмийетли бағдардың орынланыўы мәмлекетимиз тарийхында жаңа, және де жоқары шеклерди қолға киргизиўимизде тийкар болып хызмет ететуғыны айтып өтилген.

Кешени өткериў ушын китапханашылар жақсы таярльқ көрип, китап көргизбелерин шөлкемлестириў керек. Кешеге халық пенен ислесетуғын мәкан пуқаралар жыйыны, ҳуқық қорғаў уйымлары қәнигелери, руўхый ағартыўшылық орайы, журналистлер, муғаллимлер, жоқары оқыў орынларының студентлери, исбилерменлер, китапханашылар мирәт етиледи. Кешеге бағышланып китап көргизбе шөлкемлестириледи. Көргизбеге «**Жедел инвестициялар ҳәм социаллық раўажланыў жылы**»на бағышланған, әдебиятлар, газета-журналлар мақалаларынан қойылса болады.

## Пайдаланған әдебиятлар дизими


1. Өзбекстан Республикасы Президентини Шавкат Мирзиёевтиң Олий Мажлиске Мүрәжаты //Еркин Қарақалпақстан.-2018 жыл 29 декабрь №156
2. Өзбекстан Республикасының 2019 –жылға мөлшерленген инвестициялық бағдарламасын әмелге асырыў илажлары ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарары.//Салық жаңалықлары.- 2018 жыл №24
3. Якубов Ш. Инвестицион юксалиш-тараққиёт асоси. //Адолат.-2019 йил 1 январь №1



Қолланбаны жазған В. Танирбергенова
Редакторлаған З. Сапарова